ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЭРЭ КЫДОК!

№62 (22.720) ● 2014 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдок! ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Іулыдж Хь. Н. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Ильэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм къыхэкІыу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **Іулыдж Хьэжысмел Нахъуэ и къуэм** - Къэрал мылькур зехьэныкмкІэ федеральнэ агентствэм и Щ1ыналъэ управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1эм и унафэщ1ым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр п1альэкІэ зыгъэзащІэ

КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм гъатхэпэм и 27-м
№78-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и стипендиехэмкІэ эксперт советым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2014 гъэм гъатхэпэм и 24-м *№21-РГ*

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и стипендиехэм я Іуэхукі э» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2008 гъэм мазаем и 4-м къыдигъэкІа Указ №15-УП-м ипкъ иткІи:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и стипендиехэмкІэ эксперт советым хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къыру имыІэжу кьэлытэтэн «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и стипендиехэмкІэ эксперт советым хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм накъыгъэм и 2-м къыдигъэкІа Унафэ №38 -РГ-м.

3. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щ1ыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр п1альэкІэ зыгъэзащІэ

КІУЭКІУЭ Юрий.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм
2014 гъэм гъатхэпэм и 24-м къыдигъэкІа
Унафэ №21-РГ-мкІэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и стипендиехэмкІэ эксперт советым хэтхэр

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацием и Унафэщ1ым и кьалтэнхэр зыгъэзащІэр *(эксперт советым и тхьэмадзш)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэнымгъэмкІэ, щ1эныгъэмрэ щ1алэгъуалэм я Іуэхуэхмкі э и министрыр *(эксперт советым и тхьэмадзм и къуэдзэщ)*

Фыр Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр *(эксперт советым и тхьэмадзм и къуэдзэщ)*

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(эзгурыІуауэ)*

Къэрэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университет» профессиональнэ щ1эныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и ректорыр *(эзгурыІуауэ)*

Кудаев Р. Хь. - « КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щ1эныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и проректорыр *(эзгурыІуауэ)*

Нэгей А. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЕгъэджэнымгъэмкІэ, щ1эныгъэмрэ щ1алэгъуалэм я Іуэхуэхмкі э и министерствэм и Іэщ1агъэлІ-эксперт нэхъыщхьэр *(эксперт советым и секретарщ)*

Рахаев А. И. - «Гъуазджэмкі э Кавказ Ищхьэрэ къэрал институт» профессиональнэ щ1эныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм и ректорыр *(эзгурыІуауэ)*

Туменов М. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацием и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацием къэрал къулыкъум, коррупцэм пщ1этышу, щ1ыпІэ унафэр зегъэкІуэным я Іуэхуэхмкі э и управленэм и унафэщ1ыр

Шестирублев С. Н. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1алэгъуалэ правительствэм и унафэщ1ым и къуэдзэр.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Депутатхэр зэрыхах щ1ыкІэр ягъэтэмэмыж

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІуІэр КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и янэ къуэдзэ Жаным Руслан иригъэкІуэкІащ. Депутатхэр хэпльащ Іуэху зэмыдзэуэжьыгъуэу т1ощ1ым щ1ыгъуэ.

КъБР-м и Парламентыр гъатхэ сессием зэлэжьыну законопроектхэм хагъэхьащ документу т1у. ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэнущ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым теухуауэ», «Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щ1ыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органхэм баланс мыхъуауэм яхуэгъэза попечительствэмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным теухуауэ» республикэ законхэм.

Абыхэм ящ1ыу ящ1э документыр кьыхэзылъхьар КъБР-м и Хэхакъуэ комиссэрщ. Мы Законым хагъэкІыж къару зимыІэжу кьалытащ1э щыта мардэ щхьэхуэхэр. Кьапщтэмэ, зэрахъуэкІ политикэ партием е хэхакъуэ зэгугъэныгъэхэм зы комиссэм хагъэхьэн папщІэ кандидатурэу зыбжанэ кьигъэлъэгъуэну хунт зэрамыщІыр, хэхакъуэ зэгугъэныгъэхэм ящ1ыщ процентитІ римыкъум Іэ щІалэзэзыгъакІуэ я органхэм баланс мыхъуауэм яхуэгъэза попечительствэмкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным теухуауэ» республикэ законхэм.

Абыхэм ящ1ыу ящ1э документыр кьыхэзылъхьар КъБР-м и Хэхакъуэ комиссэрщ. Мы Законым хагъэкІыж къару зимыІэжу кьалытащ1э щыта мардэ щхьэхуэхэр.

КъБР-м и Парламентыр гъатхэ сессием зэлэжьыну законопроектхэм хагъэхьащ документу т1у. ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэнущ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым теухуауэ», «Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щ1ыпІэ унафэр зэрыщащІыр. Законопроектым щ1ыгъу тхыгъэм эзритымкІэ, апхуэдэу зэхъуэкІыпхъэу кьалытэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и Парламентым и Унафэщ1ым и Іуэхукі э» Законым и мардэ пьухьмІахэр - зи п1альэ ягъэІэпхъуа хэхыныгъэр щрагъэкІуэкІ зэманым, Іэ зэралэта щ1ыкІэр кьыззрабж техникэ Іэмэпсымэхэр кьыщагъсэбэта хэхьпІэ участкхэм бюллетенхэр кьытрагъэззэжу кьызэрабжьжым, хэхьпІэ участкхэм щІэт ащ1ычхэмрэ кьрахьэкІыурэ Іэ зэрырагъэІэт ащ1ычхэмрэ уэзэпхьплъу щ1ытын зэрыхуейм теухуаэр.

ЕтІуанэ законопроектыр ягъэхьэзыращ а Іуэхум теуха федеральнэ законым кьару зэрригъэтам кьыхэкІыу. А документыр депутатхэм я пащхьэм кьыщІрильхьэм Лэжьыгъэмкі э, социальнэ политикэмрэ уэзышащэр хьуэныкмкІэ комитетым и унафэщІ **Карныгин Сергей** жиІащ 2013 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ къару зыгъуэта зэхуэдЖьныгъэхэм япкъ иткІэ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щ1эмытыжу кьана сабийхэмрэ псэупІэхэр зэрырат щ1ыкІэм щІэуэ куэд зэрыхалъхьар.

Депутатхэр апхуэдэу хэпльащ федеральнэ законхэм халъхьэ зэхуэмыкІыныгъэ щхьэхуэхэм, апхуэдэу законхэр кьыдэгъэкІыным хуэгъэза жэрдэму кьэралым и адрей щ1ыналъэхэм я парламентархэм кьаІэтахэм.

Зэ1ущ1эм кьыщащта унафэм ипкъ иткІэ КъБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхылъыр иратащ «Къэббалъкъремстройсервис» жэуапльныгъэ зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгугъэныгъэм и генеральнэ директор Гъуапльащ1э Алешэ, Тезырхэр егъэпщ1ынымкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1эм и «Колоние №5» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Іут1 Асльан сымэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Хъыбар гуапэ

Мудрэн Беслъэн Тыркум щытокІуэ

Дзюдомкі э Гран-при зэпеуэм хьыхь зэхъуэхъуэ Тыркум и Самсун къалэм щекІуэкІащ. Абы дышэ медаль къыщихьащ Мудрэн Беслъэн.

КъЭРАЛ 28-м икІа дзюдоист 34-рэ зыхэта зэхьэзэхуэм килограмм 60-м нэс зи хьэпъагъэ я дежь зыри къыщыпэгъэщащ Азербайджаным щ1ыщ Ширинирэ Португалием икІа Карвальоэр. Дэтхэнэми абы тригъэкІуэдар дакьикъ т1ырытІщ.

Нэхъ мащІэжрэщ Мудрэныр зэрелІэлар финалым и Іыхьэ пІанэм къыщыпэщІэхуа, Урысей Федерацэм и щ1ыхьыр зыхъуэ Мшвидобадзе. Дакьикъ иримыкъым ари хигъэщащ.

КІуэх зэІуІэм хэтын папщІэ адыгэ щІалэр ефІэкІын хуейт Австрием икІа дзюдоист Іэзэ Пайшерэ. Беслъэн абы нэпльагъуэ иритакъым икІи секунд 19-м тридзащ.

Нэхъ гугъуар, дауи, финалращ. Ар дакьикьитхУн нэблагъэкІэ екІуэкІащ. Абы нужьыІэщ Кьэзахстаным щ1ыщ Сметовым зыщитар.

Арати, Гран-при зэпеуэм Мудрэн Беслъэн дыщэ медаль къыщихьащ. Дунейпсо утыкум ар абы щиянэ текІуэныгъэхэм икІи адэкІи кьыпищэну дыщогуть.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Гъэмахуэ хъупІэхэр

Къущхьэхъум зыхуагъэхьэзыр

Іэщ1ыгъуэ гъэмахуэ я процент 65 - 70-р бэдзэнду къащтэ. Іэщ1ыр гъэмахуэ хъупІэхэм щагъэкІуэну зэманым и пэ кьихуэу, республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм, КъБР-м и гъэзэщІакІуэ властым Іуэхур зэхьэлІа и кьудамэхэм, муниципальнэ щ1ыналъэхэм, щ1эныгъэмкІэ Іэнатіэхэм, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм, мэкъумэшыщІэхэм а лъэхъэнэм зэуІуу зыхуагъэхьэзырын хуейщ.

Былымыр Къущхьэхъум накъыгъэ мазэм ягъэІэпхъуэнурэ, жэпуэгъуэм ику пщІондэ щ1ыгъэнущ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и бгылъэ гъэмахуэ хъупІэхэр гектар мини 142-м щІегъу. Абы щ1ыщу гектар мини 122,5-р мэкъумэш щІапІэхэм хабжэ.

ЗЭГЪЭЗЭХУАУЭ кьагъэсэбэпмэ, а щ1ыпІэхэм Іэщ1ыр мин 80 мынэхъ мащІэ щахуэвэхьэнущ. Удз зэмылІэжьыгъуэхэмкІэ, псынэхэмкІэ зэрыкъулейм гъэмахуэ лъэхъэнэм мэкъумылэм текІуадзар куэдкІэ егъэмащІэ, Іэщ1экІхэм я фІагъым хеГъахъуэ, адрейхэм ярегъэфІэкІ. Абы кьыхэкІыу, хъупІэхэм гулъытэ хэха яхуэщ1ыпхъэщ. Арщхьэкі э нобэкІэ щ1ыпІэ куэд зэщІэкІэжащ, псэуалъэхэр зэхэкъутащ. Иджы щытыкІэр ирагъэфІэкІуэжьын щхьэкІэ, мылъкушхуэ хэлъхьэн хуейщ.

КъБР-м Щ1ы Іуэхуэхмра мылъкур зехьэныкмкІэ и къэрал комитетым кьыззритамкІэ, илъэс кьэс хъупІэхэмра мэкъупІэхэмрэ я процент 65 - 70-р бэдзэнду къащтэ. Іэщ1ыр гъэмахуэ хъупІэхэм щагъэкІуэну зэманым и пэ кьихуэу, республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм, КъБР-м и гъэзэщІакІуэ властым Іуэхур зэхьэлІа и кьудамэхэм, муниципальнэ щ1ыналъэхэм, щ1эныгъэмкІэ Іэнатіэхэм, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм, мэкъумэшыщІэхэм а лъэхъэнэм зэуІуу зыхуагъэхьэзырын хуейщ.

Былымыр Къущхьэхъум накъыгъэ мазэм ягъэІэпхъуэнурэ, жэпуэгъуэм ику пщІондэ щ1ыгъэнущ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Гъащ1э гъуэгуанэм и гъуджэ пэлъытэ

КъБР-м Печатымрэ щ1ыхьэ коммуникацэхэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэ, журналист Хьэгуарэ Джамилэ «Юрий Темиркановым. Монолог» фІищауэ кьыдигъэкІа тхылъым иджыблагъэ Петербург филармонием и Пэш иным щытепсэльыхьащ.

ЕЗЫ Темыркъан Юрэ «тхылъ зыкъызыхь» зыщужиІа а лэжьыгъэр Налшык деж хуэдэу Ищхьэрэ кьалащхьэми ягу щ1ихьащ. Пшыхьым кьрихьэлІат маэстрэм и ныбжьыгъуэкІэр, лэжьэгъуэкІэр, и зэфІэкІым дихьэххэр. Тхылъыр хьэлэмэт зыщ1ыхьуахэм ящ1ыщт Санкт-Петербург и телевидениэхэм, радиохэм, газетхэм я лэжьакІуэхэри.

Филармонием и художественнэ унафэщ1ым и кьуэдзэ Петровский Евгений тхылъым и зэхэлъытКІэр ягъэІэгъуащ, музыкантым и гукъыдэжкІэр абы зэрыхилъэгъуар кьыхигъащ.

«Тхылъым и сыт хуэдэ напэкІуэцІым дежи кьыщ1ыбэдзэу уеджэх хьунущ, удехьэх. «Личное пространство» иужьрей Іыхьэм сигу кьигъэкІыжащ Лихачев Дмитрий итха «Письма о добром и прекрасном» лэжьыгъэр», - жиІащ «Монолог»-м теухуауэ Петровскэм.

Питер журналист цІэрыІуэ Светов Юрэ кьыхигъэщащ: «Илъэс 40 хьуауэ Темыркъан Юрэ социыхурэ, зэкъым абы тхылъ тезухуэну сыхуейуэ сызэрегупсысар. Арщхьэкі э маэстрэм си мурадыр зэи кьысхуигъэдахэртэкьым. Си гуапэщ ар Хьэгуарэ Джамилэ кьызэрехъулІар, дызэрыгушхуэ ди дирижерым текуауэу лэжьыгъэр зэІуІуэ зи гъэщІэгъуэн зэрыщІар.

Пшыхьым кьекІуэлІэхэр яфІэхьэлэмэту щ1эупщІащ Къэбэрдей-Балькъэрым щ1ыщ журналистхэ, тхылъыр зи Іэдакъэ кьыщІэкІам и лэжьэкІэхэм, и творчествэм, нэгъуэщІхэм. Сыхьэтрэ ныкъуэкІэ екІуэкІа зэхьэхьэм щ1ызыпхьыдкІащ «Темирканов Юрий. Монолог» тхылъыр лІыхъужьыгъэкІэ зэрыгъэнщІар.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.

● Зэпыщ1эныгъэхэр

Я лэжьэкІэм щ1ыкІэлъагъэплъ

АПК-м и Іэнатіэхэм щ1ыдиІэ зэфІэкІхэр яджын папщІэ, Джамбулатовым и цІэр зезыхьэ Дагъыстэн къэрал мэкъумэш университетым и лІыкІуэ гуп, профессор, мэкъумэш щ1эныгъэхэм я доктор Магомедов Мыхьэмэтмырзэ я пащэу, Къэбэрдей-Балькъэрым щ1ыІащ.

ДАГЪЫСТЭН Республикэм и Правительствэм ищІа пщэрыльым тету къытхуебгъэда хьэщІэхэр КІуэкІуэм и цІэр зезыхьэ КъБКъМУ-м и егъэджакІуэхэм яхуэзащ. Зэ1ущ1эм къыщыхагъэщащ КъБР-м и агропромышленнэ комплексым зегъэужьныр щІэныгъэр и пльабжьэу зэрарунэІыр, Іщ1экІэм зэрелэжь Іэгъэхьэзырыным гулъытэ хэха зэрыхуащІыр, мэкъумэш Іэнатіэхэр тэмэму зэтеуэвэнр мы зэманым абы-хэм къыззэрагъэпэщ1ыр.

Къэбэрдей-Балькъэрым и хозяйствэ пашэхэм ящ1ыщ зым ветеринариемрэ зооинженериемкІэ факультетхэм я кафедрэхэр кьыщ1эзэІуахауэ, студентхэм лэжьыгъэм зыщ1ыхуагъасэ. Республикэм щ1ыщ Іщ1агъэлІхэр жаг гъэкІыным хамэ кьэралхэм зэрыщ1ыхуагъэхьэзыр щ1ыкІэми хьэщІэхэр хагъэгъуэзащ.

АПК-м зегъэужьным пыщІа псалъэмакъым КъБКъМУ-м агробизнесымрэ щ1ы зехьэкІэмкІэ и факультетым щрагъэкІуэкІа зэІуІэм щ1ыпащащ. Иужьрей-кІэ жаг хадзэр зэрызэрахьэм, жызымыж, хадзэжкІэхэм, Іщ1экІэм зэрелэжь Іэмалхэм Дагъыстэным и лІыкІуэхэр кІэлъагъэплъащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

МафІэсым зэрыпэщІэтынум теухауэ

Республикэм и щ1ыналъэм мэз мафІэсхэм зэрыщапэщІэтыну планыр къащтащ.

МЭЗХЭМ мафІэс къыщ1ыхьу хъужьыкъуэмэ, зэуІуу лэжьыпхъэхэр ягъэбеджьхьащ, жылагъуэхэр абы зэрыщащхьумэну щ1ыкІэр ягъэнэІуащ, а Іуэхущ1апІэуІуэну я мурад къарумрэ мылъкумрэ зэпальтащ. Псынщ1эу зезыхьэ гупу 34-рэ къызэрагъэпэщащ, техникэрэ Іэмэпсымэ хэхауэ 200-м щІигъу яІэщ. МафІэсхэм зэуІуу зэрапэщІэтыну планым республикэм и мэз фондым щ1ыщу гектари 194,7-рэ хагъэхьащ, ар ІэнатІиБгъум зэрахьэ. Тхылъыр Къэбэрдей-Балькъэрым и мэз хозяйствэм и ІэщІагъэлІ Іуэм ягъэхьэзырри, ЮФО-м Мэз хозяйствэмкІэ и департаментым, «Авиамэзхъумэ» ФБУ-м, Урысейм и мэз хозяйствэм я деж щ1ызэхуэгъэІуащ.

«Къэббалъкъмэзхъумэ» Іуэхущ1апІэм и диспетчер управленэм и щ1ыналъэ пунктым мэз мафІэсхэр къэхутэнымрэ гъэункІыфІынымрэ пщ1Іа лэжьыгъэр еунэтІ.

МафІэсхэр къэмыгъэхъуным, къэхутаным, а гъунапкъэм зэдэІэпыкъуу щ1ыгъэункІыфІыным теухуа зэгурыІуэныгъэхэр гъунэгъу республикэхэм иращІылІащ.

Мэз хъумакІуэм и 8-800-100-94-00 телефоныр мэлажь.

ШАКЪ Заринэ.

Дунейм щ1ыхъыбаркэр

Ятелъ щ1ыхуэхэр нэхъыбэ мэхъу

Урысей Федерацэм Украинэм хуиутІыпщ газым и уасэм мэлыжьыкъым и 1-м щ1ыщІэдзауэ процент 44-м нэблагъэкІэ хэхъуащ.

«Газпром» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Миллер Алексей абы и щхьэхуэгъэ нэхьыщхьэу къыгъэлъэгъуауэ газ уасэр и чэзум къыззрырамытыжар.

«Зэ1ущ1ыпІауэ щ1ыта зэгурыІуэныгъэхэм зэрыщ1ыбгъыхуамкІэ, Украинэм етІущ газ кубометр миним мы гъэм и етІуанэ мазищым къыщ1ыщІэдзауэ доллар 385,5-рэ и уасэнущ. Нэхъапэм хуэтщ1у щ1ыта хуэдэхыныгъэхэр щ1ыІэжьыкъым. 2013 гъэм яхуэдэтІыпщІэ газым и уасэр къыззрадамытыжам, иджыри арикъуу икІи и чэзум къыззрат1эрымыхъэм кьыхэкІыу, Украинэм щ1ыхуэу телъщ доллар мелард 1,77-рэ», - жиІащ Миллер.

Украинэм хуащІа нэгъуэщІ хуэдэхыныгъэхэми я зэранкІэ, УФ-м и бюджетым доллар мелард 11 фІэкІуэдауэ кьелъытэ къэралым и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий. Абы зэрыжиІащ, Киев псори зэхэту тетыныр доллар мелард 16 мэхъу.

Я лъапсэхэм ягъэзэжыну хуит ящІащ

2011 гъэм гъатхэпэм и 11-м Японием щ1ыр щ1ыхьэрэ, абы псыдзэшхуэ кьишауэ щ1ытащ. Зэрыщ1эжщ, ар «Фукусима-1» атом электростанцыми зэранышхуэ хуэхъуат. А гуэвэгъэуэм цІыху 15.884-рэ хэжъуэдауэ щ1ытащ, 2.633-р иджыри кьыздасым хьыбарышхуэ кьалъытэ.

Станцым километр т1ощІкІэ нэхъ р нэхъ гъунэгъуу убгъэдхьэ, ущ1ыпсэу мыхъуну кьалытэри, абы щ1ыгъуэ щ1ыпІэм иджрэІэпхъукІауэ щ1ытащ жылагъуэ зыбжанэ. Абыхэм ящ1ыщ Миякодзи кьуажэм дэса цІыху 357-р кьэрал унафэщІхэм иджы хуит ящІащ я унэхэм ягъэзэжыну. Жылэм радиацэр щ1ыгъэкъэбзэныр нэгъабэ и мэкъуаргъэуэ мазэм яхат, ау абы ущ1ыпсэунущ иджыри зэрымышынагъэншэм кьыхэкІыу, цІыхухэр ягъэІэпхъуэжатэкъым.

ЦІыхухэм нэхъапэм я псэупІэу щ1ытахэм ягъэзэжыну хагъэхьыркъыми иджыри. Ягъэзэта хэщІыныгъэм гъэкІуэу «Фукусима-1» АЭС-м кьариту щ1ыта доллар миныр кьалэрыхьэжынукъым зи унэ-пльапсэхэм кІуэжкэм. Абы и пІэкІэ, зыгъэззэж дэтхэнэми мазэ кьэр къэралым илъэс псокІэ доллар 900 яритынущ.

Японием и Правительствэм кьыззрильытэмкІэ, радиацэр зэран щ1ымыхъуж щ1ыпІэхэм илъэситі гъунэгъум ирагъэтІысыжьынущ цІыху мин 30-м нэблагъэ. Мыдрейуэ, атом станцым кьыщ1ыхъуа аварием и лъэужьхэр гъэкІуэдыжыпэным иджыри илъэс 40 текІуэдэну жаІэ щ1эныгъэлІхэм.

НОБЭ

♦Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ. Сабий тхылъым и дунейпсо советым и унафэкІэ 1967 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ, Данием щ1ыщ тхакІуэ цІэрыІуэ Андерсен Ханс Кристиан къыщалъхуа махуэм теХуэ.

♦Пльапхъэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ.

♦Удмуртие Республикэм хъэрычэтыщІэм и махуэр щагъэлъапІэ.

♦1911 гъэм Цагъуэ Нурий Истамбыл адыгэбзэкІэ зыщыдигъэкІащ «Гъуаз» газетым и япэ номерыр.

♦1948 гъэм КІэрашэ Тембот СССР-м и Къэрал саугъэтыр кьратащ.

♦Мэлыжьыхьым и 2 - 3-хэм Брюссель щ1ызэхэтынущ Европэ Советымрэ Африкэмрэ хьыхь я кьэралхэм я зэхуэсышхэ.

♦Мэлыжьыхьым и 2 - 6-хэм Токио щекІуэкІынущ нэ дохутырхэм я дунейпсо зэхуэс.

♦Мэлыжьыхьым и 2 - 15-хэм Париж щ1ылэжьэнущ ЮНЕСКО-м и Гъэзэщ1акІуэ советым и 194-нэ сессиер.

♦Журналист, УФ-м щэнхабзэмкІэ щ1ыхь зиІэ и лэжьакІуэ **АфІэІуэнэ Раисэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Бзэщ1эныгъэлІ, филологие щ1эныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Абдокъуэ Іэуес** къызэралъхуа илъэс 70 ирокъу.

Дунеим и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щ1ыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 10, жэщым градуси 2 - 4 щ1ыхьэнущ.

Зэхэзгъэуэр
ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Маринэ.

Лъэпкъ Іуэщ1агъэ:

Шы зиІэр къанэри, уанэ зиІэр кІуащ.

● КЪБР-м и Парламентым

Лэжьэкlэщlэм зэуэ темыцвэфынкlэ хъунущ

Фэтэр куэд хъу унэхэр зэрахьэн папщlэ лицензэхэр тыным пыщlа Iуэхухэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым Уху эныгъэмкlэ, псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсныныхъэ-энергетикэ комплексымкlэ и комитетым и жэрдэмкlэ къыззрагъэпэща зэIущlэщхуэм. Депутатхэм, зыхуэфащэ Iэнатlэхэм я лIыкlуэхэм зэхуаIуэтащ хабзэщlэм Iуэхутхьбзэкэгъэгъэфlэнкъымкlэ кынтыну Iэмалхэм.

ФэтэР куэд хъу унэхэр зезыхьэ Iуэхущlапlэхэм, псэупlэхэр зи мылъку щытхэм я зэгухьанныгъэхэм зэфlагъэкlа Iуэхутхьбзэхэм арэзы къызэримыщlым теухуаеу цыху куэд къызэрытхьэусыхэр къыхигъэщхьэхукIри, КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къудзэ **Бозий Натбий** къызэхуэсахэр щы-гъуаз ящlащ псэупlэ унэхэр зезыхьэхэр а лэжьыгъэм пэрыувэн папщlэ лицензэхэр кыIахьи хуейуэ Урысей Федерацэм и Правительствэм унафэ къызэрищтам. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир апхуэдэ унафэр «нэсу кьезэгъыу, и эманым кыдагъэкIауэ» кынтыштащ.

- Мы Iуэхум теуха законопроектыр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Кърал Думэм кьащlыхьалъхьащ. А псоми нэрыльтагъ кынтщащ зыпэрыува Iуэхум пэмыльтэщ зэгухьэныгъэхэр псэупlэмкlэ рынконым зэрыкъэхмызэгъэнур икlи абыхэм лъныкъуэ зрагъэзын зэрыхуейр. Ауэ лицензэзэр тыным сэбэнынагъыу кынхьыфынур къыбгурыIуэн папщlэ ипэ дыдэу зэгупсысыгъэр лицензэхэр зытынымрэ а лицензэхэм япкъ иткlэ фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкlэ кьагъэув кьалэнхэр гъэззщlа зэрыхьэр кьыхэзрапщытэну щыкlэмрэщ. А псори зэIухауэ, гурыIуэгъэу, хабзэ ткlийм тету икlи къэрал властым и органхэмрэ хабзэхъуэмэ органхэмрэ я кlэлъыпlъныныгъэм щlэту егъэкIуэкIыпхъщ, - кьыхэпlэщхьэхукlащ Бозий Натбий.

Зэ1ущlэм хэтхэр абы кыхуриджащ лъэныкъуэ псорн щызэпэтъыта, куууэ зэгупсыса Iуэхухэр кьыхахьхьэну. Мы Iэнатlэм щрагъэкlыжьынкъ хуей зэхъуэкlыныгъэхэр, хэхауэ жыпlэмэ, фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэхэм лицензэхэр етыныр, а лицензэхэм къагъэувхэр нэсу гъэзэщlынр щыхуэ куэдым я псэукlэр етыжьхуэнкъым пыщlащ.

Фэтэр куэд хъу псэупlэ унэхэр зезыхьэ Iуэхущlапlэхэм лицензэхэр зэрырытыну хабзэхэм зэпкърыхуэу тепсэлъыхьащ КъБР-м и Къэрал псэупlэ инспекциям и унафэщl **Къэжэр Нажмудин**. Псалъэм кьыдэкIуэу къэдгъэлъэгъуэнщи, Правительствэм и унафэм и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ лицензэхэр тынымрэ псэупlэ унэхэр зезыхьэ компаниехэм я лэжьэкlэм кlэлъыпlъныныр щыIынатlэхэм я псэупlэ инспекциям и щlэ дэлъхьэныр.

Доклад зыщlам зэрыжиIамкlэ, федеральнэ законым и проектыр гъагъэкlмэ, абы кьыщыгъэльэгъуа мардэхэм я нэхъыбапlэм 2014 гъэм фокlадэм и 1-м щегъэжьауэ къару ягъэуэтынущ. Кьапщтэмэ, юридическэ Iэнатlэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычтыщlэхэм, псэупlэхэр зи мылъкуэм я зэгухьэныгъэхэм, псэупlэ кооперативхэм, кьинэмыщlу потребительскэ кооперативхэм кьыкlуэцlрэ, компаниехэм я бжыгъэм кlэрыхуэмэ, лэжьыгъэхэм я фlагъэ зэрыхьэнкlэ хъунущ.

- Сэ сызэреплъымкlэ, лицензэхэр яту щlадзэмэ, абы фы кьрикIуэн хуейщ, - жиIащ псэупlэхэр зи мылъкуу щытхэм я зэгухьэныгъэ нэхъыфl дыдэхэм ящыщу къалъытэм - «Доверие» зэгухьэныгъэм и унафэщl **Гъуэгунокъуэ Iэсият**. Абы зэIущlэм хэтахэм гу лъаргъэ гъэтащ ныкъусаныгъэ къызэрыгуэкlымрэ ныкъусаныгъэ егъэлеямрэ законым и проектым Iупщlу щызэхэгъащхьэхукlауэ зэрыщымытым: «Илъэс 30, нэхъыбэж хьуауэ капитальнэу зэрамыгъэпщыжа унэхэм, и зэманым кlэрыхуэбжьэрыхуэр зыдамыш пщlантlэхэм ныкъусаныгъэу тlу е нэхъыбэ къыщыбгъэхъуну гугъуекlым».

Прохладнэ къалэ округым щыlэ щыпхъэм щытепсэлъыхьым кьалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къудзэ **Пуварж Владимир** кьыхигъащхьэхукlащ фэтэрхэр зи мылъкуэм кьабгъэдэкl ахъшэр зи чэзу Iуэхуэм кьанэ щымыIэу зэрытекIуадэр. Абы кьыхэжьыну компаниехэм я лэжьэкlэр абыхэм зэфlэгъэкI Iуэхутхьбзэхэм я бжыгъэмкlэ, ягъэува мардэхэм зэрыпэлъэщымкlэ кьалъытэу хуежьэмэ, лицензэ кьыIаха ящыщ. Ауэ, абыхэм лэжьэфынкъым, ящыщ зыри яхэтыныкъым. Iуэхутхьбзэхэр зэрыхуэфащэкlэ иригъэфlэкIуэн папщlэ компанием тригъэкIуэдэн хуей ахъшэм хуэдиз щыкъуэм яхуэтынукъым. Абы кьыхэжьну, Пунаржи Владимир кьыззрилъытэмкlэ, фэтэр куэд хъу унэхэр зехьэнымкlэ лъэныкъуэ куэдкlэ егупсысын хуейщ.

«ПсэупIэ сервис» псэупIэ-коммунальнэ Iуэхущlапlэм и унафэщl **Щоджэн Артур** зэрыжиIамкlэ, дэтхэнэ щlалъмэ и псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и зэфlэкIкъэ кьэрлыытаеу, лицензэхэр тыныр лъэхэнэ щхьэхуэкlэрэ зэпыудауэ ирамыгъэкIуэжкlэ, ирагъэжьа Iуэхум сэбэныначlыщхьэ зэпыудауэ кьымыхьыкlкlэ хъунущ. Псалъэм папщlэ, коммунальнэ Iуэхутхьбзэхэр зэфlэзыгъэкI Iэнатlэхэр кьаIеуэ щымыIэу монополистыну икlи абыхэм я лэжьыгъэр ирагъэфlэкIуэным хуэунэтIауэ псэупlэ унэхэр зезыхьэ компаниехэм зыри яхуэзфlэкIыкъым. Апхуэдэу а компаниехэм я тарифхэм лицензэхэр кьеIыхьынкlэ трагъэкIуэдэну ахъшэр хнубыдэркъым, ауэ псэупlэхэр зи мылъкуу щытхэм я арэзыныгъэ хэмыльу тарифхэм щlагъуну законым хунт ищlырыкъым.

Бозий Натбий тепсэлъыхьащ щlыхухэм я псэупlэ зи мылъкуу щыт щlыхухэм хэщlыныгъэ ямыгъуэтын, абыхэм хьэжьвакъэжьхьшхэр якlэрымыжьхьыхьын папщlэщ, - жиIащ Пашлык кlалэ округым Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм реформэ щегъэжьIуэжьнымкlэ и управленэм и унафэщl **Чарим Виктор**. - Ауэ, абыхэм кьадэкIуэу, щIэуэ кьаIэуэ Iуэхухэм нэгъэщlэ зэкlэлъмыжьы

● ДифI догъэгъапIэ

Гъуэгу техьэ къытенэркъым 60

Къардэн Мухьэмэд Мучэзир и къуэр 1954 гъэм гъатхэпэ мазэм и 28-м Зекиюэ къуажэм къыщалъхуар. Ар щеджащ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и химико-биологическэ, экономическэ факультетхэм, Экономикэмрэ правэмкIэ Кисловодск институтым и юридическэ кьудамэм.

1976 гъэм Къардэныр ВЛКСМ-м и Ленинскэ райкомым и пропагандэмкIэ и отделым и лектор къулыкъум пырыкащ. 1981 гъэм ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и лектор гупым я унафэщI ящIащ.

1984 гъэм жэпуэгъуэ мазэм и 26-м щыщIэдзауэ Къардэн Мухьэмэд «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэщ. Ар УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щыхьэ зиIэ я лэжьакIуэщ, УФ-м и Журналистхэм я союзым хэтщ, ТворчествэмкIэ дунейпсо академием и академикщ, КъБР-м щыIэ УФСИН-м и жылагъуэ советым и тхьэмадэщ. И лэжьыгъэм щIэ зэфIэкIэм папщIэ абы кьыхуагъэфэщащ УФ-м и Журналистхэм я союзым щыхьэ зиIэ и дамыгъэ льапIэр.

2014 гъэм Къардэн Мухьэмэд бжыгъэ дахэу щы хуэзтрихьащ. Япэрауэ, «Советская молодежь» газетыр кьыдэжIын зэрыщIидзэрэ ильэс 75-рэ, етIуанэрауэ, абы езым и ныбжьыр ильэс 60, ещанэрауэ, редактор нэхъыщхьэ кулыкъум ар зэрыпэрыхьэрэ ильэс 30 ирокъу. А псор щхьэусыгъуэ тщIыри, Мухьэмэд упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Мухьэмэд, «Советская молодежь» газетыр ильэс 75-рэ хъуауэ кьыдокI. Абы щыщу ильэс 30-м уэ абы и редактор нэхъыщхьэу уолажьэ. Газетым и тхыдэм упритлъэжмэ, сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэта, абы и лэжьыгъэм сыт щIэуэ хэпльхьа?

- Газетым гъэсыгуанэ купщIафIэ кьыдэзрихьащ, зэманым сыт хуэдэ щытыкIэ иримыгъэувами, и кьалэн нэхъыщхьэр - цIыхухэм я деж хъыбарыр нэхъсыныр - игъэащIэу ноби хъэщ. «Советская молодежь»-м и тхыдэр си нэгу кьыщыщIэзгъэхьэжкIэ, ятэу сигу кьэкIыжыр 90 гъэхэм я пэщIэдзэ дыдэм газетыр зэрыхуэдэ щыта щытыкIэпэщ. Газетыр зэхуэщIыжыным нэсауэ щытащ абы щыгъуэ - илъэскIэ «кьыщIэхьащIауэ» а щыгъуэм. ЦIхьэусыгъуэ Iэджи иIэт абы. Редакцэм езым и мыпхькуфI газетыр кьыдэдгъэкIыжын хуеиIуэ кьыщытхуагъэувам, а Iуэху кьэлъэм деувэлIащ. ИкъукIэ гугъу дехьащ а зэманым. Газетыр кьыдэрыдэдгъэкIыну тхылымпIэр кьэбгъуэтыным куэд пыщIат. А тхылымпIэр кьэбгъуэта нэужьи, ар кьыдэрыпщэхун мыльку убгъэдэщытыкIэ хуейтэкъэ?! Редакцэм и машинэр тщэжри, тхылымпIэ кьэтщэхуауэ щытащ, абы илъэскIэ дрикьуат. «Фэ фи щхьэм фыхуэпэжьэжу ауэ, кьыдэмгъэкIыр кьэрал газеткъым», - жаIэу редакцэр здэщыIэ унэм щIагъэкIыну хэту зэнькъуэкъушхуи дыхэтащ. Абы щыгъуэм газетыр зэрэхэмыкIыгъэжар, псом зэпырауэ, си фIыгъэр абы и лэжьакIуэхэрщ. КьыздэфIигъэщIакьым ахэр гугъуехьым, уеблэмэ улахуэр и чэзуэ зэрапэрыпхьэми игъэшынакьым. Гупыр дызэкъуэту щытыкIэ хьэлъэм дыкъикIащ.

Парламентым унафэ кьыщIэрэ, председателькэ и Президентхэр республикэм щекIуэкIауэ щытащ. КIуэжьуэ Валерий республикэм и Президенту захуэу, и кьулыкъум щытеувэ захуэм кьыпсэлъахьэу газетым тездэзыну сыхуеиIуэ зыщыхуэзгъаэзм, ди Iуэху зытетым кьыщIэупщIащ. Сэри екъэжI зэмылъу ди Iуэхур зэрымыщIагъуэр жеIащ, щIалэгъуалэм я газетыр хэмыкIуэджамэ нэхъ кьыхэзрыщIтэр гурызгъэIуащ. «Абыи зы хэжIыпIэ гуэр кьыхуэдгупсысынщ, - кьыхэжIат КIуэжьуэ. ИкIи и псальэр игъэпэжащ. 1993 гъэм щыщIэдзауэ «Советская молодежь» газетыр КъБР-м и Правительствэм и нэIэм щIэту кьыдокI. Абы льандэри ди газетыр куэдкIэефIэкIуащ, зиуэзщIащ, и пщIэми хэхъуащ. Нобэ ди нэIэ нэхъ зытетыр республикэм щыпсэу льэпкъхэм яку зэныбжьыгъуэгъэр мамырыгъэрэ дэлъынырщ, республикэм щекIуэкI Iуэхуэр щыхуэхэм я деж и чэзуэм нэхъсыныр - республикэм и Правительствэм и политикэмрэ и Iуэху еплыкIэмрэ ди гъуаэзу.

Газетым и лэжьыгъэм щIэуэ эхтлъхьаэм я гугъу пщIымэ, ар тхьэмахуэм зэ кьыдэжI хъуащ - ятэ щыкIэ напэкIуэщI 12-у, иужькIэ напэкIуэщI 16-м нэсащ.

Льэпкъым и бзэмрэ и хабзэхэмрэ зэгъэзыужьыным, егъэзыIэкIуэным я льэныкъуэкIэ газетым хуэзгъэкIыным сыщегупсысым, адыгэбзэкIи балькъэрыбзэкIи напэкIуэщI щхьэхуэзэ тедзэныр кьыхэслъхьащ. Абы щыгъуэм апхуэдэ унафэ кьыщащтэр КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и зэIущIэрт. Апхуэдэ зи чэзу зэхуэсым си Iуэху епIыкIэр кьыщыщыхэслъхьэм, зыми кьыздэлъгъакьым, ауан сикъащIа мыхьуми. «Мы щалэм зыжьыныгъэ льэпкъ кьыдимыту щыбгаркIэ дригъэкIуэтыжьи Iуэхущ зэрихэр», - жиIэу кьыслухэпсэльан щыIэт. Абы и ужькIэ куэдэмыкIауэ Москва зэIущIэ щекIуэкIыну дыкIуат. Партым и ЦК-м пропагандэмкIэ и кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэр лекцэ кьыгтуеджэрти, зыгъэпсэхуГыуэ зэманым ирезгъэхьэлIэри сеупщIащ щыналъхэмэ кьыщыдэкI газетхэм, абы щыпсэухэм я щэнхабзэр яхьумэжьын папщIэ, льэпкъыбзэкIэ напэкIуэщIэхэр хэдгъэхьэ щIэмыкьум и щхьэусыгъуэмкIэ. «Апхуэдэ унафэ щыIэкьым, а Iуэхум зыри емыгупсысауэ араща. Уеблэмэ ар фIы дыдэщ, партым льэпкъ Iуэхухэм гулыкIэтэ зэрахуигъэщIыр кьэпльытэмэ», - жиIэу жиIащ абы. Зэман гуэр дэкIауэ, а Iуэхум теухуауэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и партым письмо кьагъэхьащ. Апхуэдэ тхыгъэхэр адрей хэгъуэгуэхэм яIэрыхьащ. Мис апхуэдэ щыкIэкIэ адыгэбзэкIи балькъэрыбзэкIи напэкIуэщI щхьэхуэхэр - «Псынэмрэ» «Шаудэныжьмрэ» - тридзэ хъуащ «Советская молодежь»-м. Сэ кьыхэзрыслъытэмкIэ, а напэкIуэщIхэм зыкъыщIэкIыжащ. Абыхэм кьыщыбгъэтынущ адыгэхэмрэ балькъэрхэмрэ я льэпкъ щэнхабзэхэм, я бзэхэм, я хабзэхэм, я тхыдэм теухуа тхыгъэ хьэлэмэтхэр. КьыщынэмыщIауэ, усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэ куэдым я япэ тхыгъэр утыку кьрехэ.

- Совет льэхъэнэр щыщымыIэжкIэ, газетым и фIэщыгъэри хуэужьын хуейуэ зэманым кьигъэуву кьыщыхьыхьэ?

Пэжыр жыпIэмэ, дегупсысащ абыи. Совет властыр щыкьутэжакIэ, совет щалэгъуалэм щыIэжкьым, абы кьыхэжьыи газетым и цIэр хуэжьын хуейуэ кьалъытэу псалъэмакъ гуэрхэри екIуэжащ. Гупсысэ зэхэдзэ тщIыри, зи хабзэрэ зи жыпхъэ щхьэхуэрэ зиIэжу льэхъэнэ гугъуэм кьыкIуэщIрыкIа газетым и фIэщыгъэм демыIусэну щыIэ. Сыт хуэдэ зэманри газетым и пщIэр иIыгъыжу, и тиражыр льэгэу кьекIуэжащ. Ар цIэрыIуэ зэрыхьуар а ноби иIэ «Советская молодежь» фIэщыгъэрщ. Нэхъыщхьэр и цIэракъым, атIэ и купщIэращи, дяпэ ягу абы щыIэжьаxэм газетыр зэраубзыхуэм тету адэжи едгъэфIакIуэу дылажьэмэ, нэхъ къэтщтащ.

- Интернетыр лъ быдзкIэ ди гъащIэм къыщыхьыхьа зэманым, уэ узэреплъмкIэ, газетэм я кьэкIуэнур сыт хуэдэ?

А тIур зэгъуэгу иджыри куэдэр къыздекIуэкIынущ. Нобэ щалэгъуалэм нэхъыбэу кьагъэсэбэпыр интернетырщ, зыхуей хьыбарыр абдеж псынщIэу кьыщагъуэт. Ауэ щыIэщ газетми тхыльми еджэну зыфIэфIхэр, компьютеркIэ тхыгъэхэр кьыщыпмыхъуу, ручкэмкIэ тхэхэр. Мис абыхэм зыхащIэ интернетыр кьыщыбгъэсэбэпыпмэ газет, тхыль ущеджэмрэ кьуат гуэхэхъуэгъэр зэрызэхэуэмыдэр. Апхуэдэ щыхуэхэр щыIэхукIэ, газетхэрри кьыдэкIынущ икIи, сэ сызэригугъэмкIэ, абыхэм я кьэкIуэнур жыжэ нос.

- Сыт журналистым хьэл нэхъыфIу хэльын хуейр?

- Псом япэу, журналистым щIэныгъэ бгъэдэлъу, унэтIыныгъэ кудым хищIыкIыу, а ищIэр тэмэму и лэжьыгъэм кьыщыхуэгъэсэбэпу щытын хуейщ. Псальэм папщIэ, Iуэху итт, сэри абы сригъусэт. Машинэ макъ щыхъуэхсым, пщантIэм сыкъыщIэлъэдащ. Куэбжэр Iуахри ар кьыдагъэхьащ, абы щыхуэб льагэ зэкIуж, екIуу хуэпаду бгъэдэтт. Сыкъыз эрилъагъуу. «КьакIуэ, си кьуэ щыкIу», - жиIэри кьыздэжащ. Сэ абы сыбгъэдэмыхьэу си анэмрэ деж згъэзэжри, щыхуб гуэр кьэкIуауэ кьыздрежэр жеIаш. ТIури хадэм дыкъыщикIыжам си анэр гъыуэ щытт...

ИужькIэ си анэм и узынщагъэри зэтеувэжри, ильэс куэдкIэ бынунэм кьытщыхьэщытащ. ЩIалищрэ зы хьыдджэбэрэ дыхьурти, си гум гуауэу зэрилъри, си кьуэш нэхъыжь Мухьэб машинэ зэжьхэхэуэм зэкIуэдащ. Мыдрейхэм я щхьэ Iуэху дагъэкIыж.

- Унагъуэм щIэгъэкъуэн ущимыIэу, лэжьыгъэм куэд щызэбгъэхьулIэфынукъым. Абы и льэныкъуэкIэ уи къарумрэ уи гуащIэмрэ кьыхэзыгъахьуэхэм я гугъу кьытхуэщIамэ арат.

- Дэтхэнэ зы цIыхуми и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэр унагъуэ зэгурыIуэмрэ зэпэщIымрэщ. Псомиу хуэдэу сэри гупсэхугъуэ щызгъуэтыжьыр унагъуэращ. Унэгуащэмрэ сэрэ комсомол комитетым дыщызэдэлажьэу дызэрыцIыхуащ. ИужькIэ ар ЕгъэджакIуэхэм я Iэщ1агъэм щыхъахьуэ институтым, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и ПМНО-м, ФилологиемкIэ и институтым щылэжьащ. Зы хьыдджэбэрэ зы щалэрэ дIыщ. Рашид дохутыру мэлажьэ, Темырлан экономистщ, республикэм зезыгъэужьын Iэщ1агъэлIхэр зэрагъэхьэзыр программэ щхьэхуэм хэту и щIэныгъэм хамэ къэрал щыхигъэхьуауэ. ТIури унагъуэщ. ЩIалэ гъэфIэну, Ратмир и цIэу зы пхъурылъху диIэщи, иджыпстуцIэ ар ди гурыфIыгъуэщ.

- Мухьэмэд, редактор нэхъыщхьэ зэрылажьэрэ ильэс 30 мэхъу. Апхуэдиз ильэс бжыгъэкIэ апхуэдэ кьулыкъу зыIыгъа ди республикэм иджыри къэс кьихъуакъым. «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта Черемисин Борис и кьулыкъым пэрытащ ильэс 29-кIэ.

Бжыгъэхэм дыкъыхэкIрэ Мухьэмэд и цIыху щыкIэкIэ и гугъу пщIымэ, мы щалэм сыт и льэныкъуэкIи уи дзыхь ебгъэз хъуну, псалъэ итамэ, абы тебгъуэтэжу атхуэдэщ. Нобэрей ди зэманым апхуэдэ цIыху куэдым урихьэлIэнукъым. ИтIанэ абы и хьэл нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ сэ кьызолъытэ лэжьыгъэ Iуэхукъэ и щыуагъэм гу льебгъэтэжмэ, ар и щхьэ иримыгъажу, тэмэму зэрызэригъэзэжауэ. А псом нэмыщIкIэ, газетым и лэжьыгъэхэм ящыщ гуэр щымыIэмэ, етIысылIэу абы и лэжьыгъэр зэфIэкIыфу щытщ. ФIыуэ хещIыкI компьютерым.

Цыхур къэпцIыхунымэ, гъуэгуанэ дытехьэ, жаIэ. Мухьэмэд и гъусэу сэ куэдрэ сежьащ, хамэ къэралхэми зэгъусэу дыщыIащ. Ар уи гъусэмэ, укъымыкIуэту утыку уихьэ хъунущ. АдыгэлI нэгъэсан и хабзэхэр зыдэслъагъу Къардэн Мухьэмэд, сэ сызэреплъымкIэ, сыткIи щапхъащ.

ХЬЭФЫЩIЦIэ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

«Советская молодежь» газетыр ильэс 65-рэ щрикъу махуэм. *Нашлык, 2009 гъэ, бадзэуэгуфIыкIэ мазэ*

АдыгэлIым и щапхъэ

Къардэн Мухьэмэд сэрэ дызэкъуэжэгъэщ, школым зэгъусэу дыщIэсащ, зы егъэджакIуэхэм драгъэджащ. Нобэр кьыздэсим зым и Iуэхум адрейр щыгъуэзэу дыкьыздэгъуэгурыкIуэ.

МУХЬЭМЭД и адэ Мучэзирэ си адэ Мусэбийрэ лэжьыгъэкIэ зэпеуэу губгъуэм игу, мэкъумэшыр кьрахьэлIэу колхозым и Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм я унафэщIу лэжьащхэщ. Зэныбжьэгъуэ, пщIэ яку дэлъу, фIыуэ зэрыльагъуэ кьыздэкIуэкIащ. Дэри абыхэм я зэхущытыкIэр ди щапхъэу, ди ныжьыкIыр тэкIу зэщхьэщыкIми, зы лэжьыгъэм дыпэрыува нэужькIэ ар щыгъэзэщIэкIэ дызэчэнджэщу дыкьыздэокIуэкI. Мухьэмэд сэ къызэрысльытэр си шынэхъыщIэщ.

Къардэныр «Советская молодежь»-м къэкIуэным иджыри ильэс зыбжанэ иIэу, сэ а газетым и редактор нэхъыщхьэм срикъуздзэу, жэуап зыхь секретару сыщылэжьащ. А газетым и зэхэтыкIэм, и гъэпсыкIэм фIыуэ сызэрыщигъуаазэм, абы си гуащIэ гуэри зэрыхэтым кьыхэкIыу, и дэтхэпэ ешъуIэнэигъэмэ сытым щигъуи ину сригушхуэ.

Къардэныр редактор нэхъыщхьэу зэрылажьэрэ ильэс 30 мэхъу. Апхуэдиз ильэс бжыгъэкIэ апхуэдэ кьулыкъу зыIыгъа ди республикэм иджыри къэс кьихъуакъым. «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта Черемисин Борис и кьулыкъым пэрытащ ильэс 29-кIэ.

Бжыгъэхэм дыкъыхэкIрэ Мухьэмэд и цIыху щыкIэкIэ и гугъу пщIымэ, мы щалэм сыт и льэныкъуэкIи уи дзыхь ебгъэз хъуну, псалъэ итамэ, абы тебгъуэтэжу атхуэдэщ. Нобэрей ди зэманым апхуэдэ цIыху куэдым урихьэлIэнукъым. ИтIанэ абы и хьэл нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ сэ кьызолъытэ лэжьыгъэ IуэхукIэ и щыуагъэм гу льебгъэтэжмэ, ар и щхьэ иримыгъажу, тэмэму зэрызэригъэзэжауэ. А псом нэмыщIкIэ, газетым и лэжьыгъэхэм ящыщ гуэр щымыIэмэ, етIысылIэу абы и лэжьыгъэр зэфIэкIыфу щытщ. ФIыуэ хещIыкI компьютерым.

Цыхур къэпцIыхунымэ, гъуэгуанэ дытехьэ, жаIэ. Мухьэмэд и гъусэу сэ куэдрэ сежьащ, хамэ къэралхэми зэгъусэу дыщыIащ. Ар уи гъусэмэ, укъымыкIуэту утыку уихьэ хъунущ. АдыгэлI нэгъэсан и хабзэхэр зыдэслъагъу Къардэн Мухьэмэд, сэ сызэреплъымкIэ, сыткIи щапхъащ.

ХЬЭФЫЩIЦIэ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

КЪАРДЭН Мухьэмэд:

ЦIыхум и пщIэр къыхуэзыхьыр и лэжьыгъэрщ

- Мухьэмэд, «Советская молодежь» газетыр ильэс 75-рэ хъуауэ кьыдокI. Абы щыщу ильэс 30-м уэ абы и редактор нэхъыщхьэу уолажьэ. Газетым и тхыдэм упритлъэжмэ, сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр игъэута, абы и лэжьыгъэм сыт щIэуэ хэпльхьа?

- Газетым гъэсыгуанэ купщIафIэ кьыдэзрихьащ, зэманым сыт хуэдэ щытыкIэ иримыгъэувами, и кьалэн нэхъыщхьэр - цIыхухэм я деж хъыбарыр нэхъсыныр - игъэащIэу ноби хъэщ. «Советская молодежь»-м и тхыдэр си нэгу кьыщыщIэзгъэхьэжкIэ, ятэу сигу кьэкIыжыр 90 гъэхэм я пэщIэдзэ дыдэм газетыр зэрыхуэдэ щыта щытыкIэпэщ. Газетыр зэхуэщIыжыным нэсауэ щытащ абы щыгъуэ - илъэскIэ «кьыщIэхьащIауэ» а щыгъуэм. ЦIхьэусыгъуэ Iэджи иIэт абы. Редакцэм езым и мыпхькуфI газетыр кьыздэгъэкIыжын хуеиIуэ кьыщытхуагъэувам, а Iуэху кьэлъэм деувэлIащ. ИкъукIэ гугъу дехьащ а зэманым. Газетыр кьыздэрыдэдгъэкIыну тхылымпIэр кьэбгъуэтыным куэд пыщIат. А тхылымпIэр кьэбгъуэта нэужьи, ар кьызэрыпщэхун мыльку убгъэдэщытыкIэ хуейтэкъэ?! Редакцэм и машинэр тщэжри, тхылымпIэ кьэтщэхуауэ щытащ, абы илъэскIэ дрикьуат. «Фэ фи щхьэм фыхуэпэжьэжу ауэ, кьыдэмгъэкIыр кьэрал газеткъым», - жаIэу редакцэр здэщыIэ унэм щIагъэкIыну хэту зэнькъуэкъушхуи дыхэтащ. Абы щыгъуэм газетыр зэрэхэмыкIыгъэжар, псом зэпырауэ, си фIыгъэр абы и лэжьакIуэхэрщ. КьызэфIигъэщIакьым ахэр гугъуехьым, уеблэмэ улахуэр и чэзуэ зэрапэрыпхьэми игъэшынакьым. Гупыр дызэкъуэту щытыкIэ хьэлъэм дыкъикIащ.

Парламентым унафэ кьыщIэрэ, председателькэ и Президентхэр республикэм щекIуэкIауэ щытащ. КIуэжьуэ Валерий республикэм и Президенту захуэу, и кьулыкъум щытеувэ захуэм кьыпсэлъахьэу газетым тездзэну сыхуеиIуэ зыщыхуэзгъаэзм, ди Iуэху зытетым кьыщIэупщIащ. Сэри екъэжI зэмылъу ди Iуэхур зэрымыщIагъуэр жеIащ, щалэгъуалэм я газетыр хэмыкIуэджамэ нэхъ кьыхэзрыщIтэр гурызгъэIуащ. «Абыи зы хэжIыпIэ гуэр кьыхуэдгупсысынщ, - кьыхэжIат КIуэжьуэ. ИкIи и псальэр игъэпэжащ. 1993 гъэм щыщIэдзауэ «Советская молодежь» газетыр КъБР-м и Правительствэм и нэIэм щIэту кьыдокI. Абы льандэри ди газетыр куэдкIэ ефIэкIуащ, зиуэзщIащ, и пщIэми хэхъуащ. Нобэ ди нэIэ нэхъ зытетыр республикэм щыпсэу льэпкъхэм яку зэныбжьэгъуэгъэр мамырыгъэрэ дэлъынырщ, республикэм щекIуэкI Iуэхуэр щыхуэхэм я деж и чэзуэм нэхъсыныр - республикэм и Правительствэм и политикэмрэ и Iуэху епIыкIэмрэ ди гъуаэзу.

Газетым и лэжьыгъэм щIэуэ эхтлъхьаэм я гугъу пщIымэ, ар тхьэмахуэм зэ кьыдэжI хъуащ - ятэ щыкIэ напэкIуэщI 12-у, иужькIэ напэкIуэщI 16-м нэсащ.

Льэпкъым и бзэмрэ и хабзэхэмрэ зэгъэзыужьыным, егъэзыIэкIуэным я льэныкъуэкIэ газетым хуэзгъэкIыным сыщегупсысым, адыгэбзэкIи балькъэрыбзэкIи напэкIуэщI щхьэхуэзэ тедзэныр кьыхэслъхьащ. Абы щыгъуэм апхуэдэ унафэ кьыщащтэр КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и зэIущIэрт. Апхуэдэ зи чэзу зэхуэсым си Iуэху епIыкIэр кьыщыщыхэслъхьэм, зыми кьыздэлъгъакьым, ауан сикъащIа мыхьуми. «Мы щалэм зыжьыныгъэ льэпкъ кьыдимыту щыбгаркIэ дригъэкIуэтыжьи Iуэхущ зэрихэр», - жиIэу кьыслухэпсэльан щыIэт. Абы и ужькIэ куэдэмыкIауэ Москва зэIущIэ щекIуэкIыну дыкIуат. Партым и ЦК-м пропагандэмкIэ и кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэр лекцэ кьыгтуеджэрти, зыгъэпсэхуГыуэ зэманым ирезгъэхьэлIэрри сеупщIащ щыналъхэмэ кьыщыдэкI газетхэм, абы щыпсэухэм я щэнхабзэр яхьумэжьын папщIэ, льэпкъыбзэкIэ напэкIуэщIэхэр хэдгъэхьэ щIэмыкьум и щхьэусыгъуэмкIэ. «Апхуэдэ унафэ щыIэкьым, а Iуэхум зыри емыгупсысауэ араща. Уеблэмэ ар фIы дыдэщ, партым льэпкъ Iуэхухэм гулыкIэтэ зэрахуигъэщIыр кьэпльытэмэ», - жиIэжащ абы. Зэман гуэр дэкIауэ, а Iуэхум теухуауэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балькъэр обкомым и партым письмо кьагъэхьащ. Апхуэдэ тхыгъэхэр адрей хэгъуэгуэхэм яIэрыхьащ. Мис апхуэдэ щыкIэкIэ адыгэбзэкIи балькъэрыбзэкIи напэкIуэщI щхьэхуэхэр - «Псынэмрэ» «Шаудэныжьмрэ» - тридзэ хъуащ «Советская молодежь»-м. Сэ кьыхэзрыслъытэмкIэ, а напэкIуэщIхэм зыкъыщIэкIыжащ. Абыхэм кьыщыбгъэтынущ адыгэхэмрэ балькъэрхэмрэ я льэпкъ щэнхабзэхэм, я бзэхэм, я хабзэхэм, я тхыдэм теухуа тхыгъэ хьэлэмэтхэр. КьыщынэмыщIауэ, усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэ куэдым я япэ тхыгъэр утыку кьрехэ.

- Совет льэхъэнэр щыщымыIэжкIэ, газетым и фIэщыгъэри хуэужьын хуейуэ зэманым кьигъэуву кьыщыхьыхьэ?

- Пэжыр жыпIэмэ, дегупсысащ абыи. Совет властыр щыкьутэжакIэ, совет щалэгъуалэм щыIэжкьым, абы кьыхэжьыи газетым и цIэр хуэжьын хуейуэ кьалъытэу псалъэмакъ гуэрхэри екIуэжащ. Гупсысэ зэхэдзэ тщIыри, зи хабзэрэ зи жыпхъэ щхьэхуэрэ зиIэжу льэхъэнэ гугъуэм кьыкIуэщIрыкIа газетым и фIэщыгъэм демыIусэну щыIэ. Сыт хуэдэ зэманри газетым и щIэр иIыгъыжу, и тиражыр льэгэу кьекIуэжащ. Ар цIэрыIуэ зэрыхьуар а ноби иIэ «Советская молодежь» фIэщыгъэрщ. Нэхъыщхьэр и цIракъым, атIэ и купщIэращи, дяпэ ягу абы щыIэжьаxэм газетыр зэраубзыхуэм тету адэжи едгъэфIакIуэу дылажьэмэ, нэхъ къэтщтащ.

- Интернетыр лъ быдзкIэ ди гъащIэм къыщыхьыхьа зэманым, уэ узэреплъмкIэ, газетэм я кьэкIуэнур сыт хуэдэ?

А тIур зэгъуэгу иджыри куэдэр къыздекIуэкIынущ. Нобэ щалэгъуалэм нэхъыбэу кьагъэсэбэпыр интернетырщ, зыхуей хьыбарыр абдеж псынщIэу кьыщагъуэт. Ауэ щыIэщ газетми тхыльми еджэну зыфIэфIхэр, компьютеркIэ тхыгъэхэр кьыщыпмыхъуу, ручкэмкIэ тхэхэр. Мис абыхэм зыхащIэ интернетыр кьыщыбгъэсэбэпыпмэ газет, тхыль ущеджэмрэ кьуат гуэхэхъуэгъэр зэрызэхэуэмыдэр. Апхуэдэ щыхуэхэр щыIэхукIэ, газетхэрри кьыдэкIынущ икIи, сэ сызэригугъэмкIэ, абыхэм я кьэкIуэнур жыжэ нос.

- Сыт журналистым хьэл нэхъыфIу хэльын хуейр?

- Псом япэу, журналистым щIэныгъэ бгъэдэлъу, унэтIыныгъэ кудым хищIыкIыу, а ищIэр тэмэму и лэжьыгъэм кьыщыхуэгъэсэбэпу щытын хуейщ. Псальэм папщIэ, Iуэху итт, сэри абы сригъусэт. Машинэ макъ щыхъуэхсым, пщантIэм сыкъыщIэлъэдащ. Куэбжэр Iуахри ар кьыдагъэхьащ, абы щыхуб льагэ зэкIуж, екIуу хуэпаду бгъэдэтт. Сыкъыз эрилъагъуу. «КьакIуэ, си кьуэ щыкIу», - жиIэри кьыздэжащ. Сэ абы сыбгъэдэмыхьэу си анэмрэ деж згъэзэжри, щыхуб гуэр кьэкIуауэ кьыздрежэр жеIаш. ТIури хадэм дыкъыщикIыжам си анэр гъыуэ щытт...

ИужькIэ си анэм и узынщагъэри зэтеувэжри, ильэс куэдкIэ бынунэм кьытщыхьэщытащ. ЩIалищрэ зы хьыдджэбэрэ дыхьурти, си гум гуауэу зэрилъри, си кьуэш нэхъыжь Мухьэб машинэ зэжьхэхэуэм зэкIуэдащ. Мыдрейхэм я щхьэ Iуэху дагъэкIыж.

- Унагъуэм щIэгъэкъуэн ущимыIэу, лэжьыгъэм куэд щызэбгъэхьулIэфынукъым. Абы и льэныкъуэкIэ уи къарумрэ уи гуащIэмрэ кьыхэзыгъахьуэхэм я гугъу кьытхуэщIамэ арат.

- Дэтхэнэ зы цIыхуми и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэр унагъуэ зэгурыIуэмрэ зэпэщIымрэщ. Псомиу хуэдэу сэри гупсэхугъуэ щызгъуэтыжьыр унагъуэращ. Унэгуащэмрэ сэрэ комсомол комитетым дыщызэдэлажьэу дызэрыцIыхуащ. ИужькIэ ар ЕгъэджакIуэхэм я Iэщ1агъэм щыхъахьуэ институтым, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и ПМНО-м, ФилологиемкIэ и институтым щылэжьащ. Зы хьыдджэбэрэ зы щалэрэ дIыщ. Рашид дохутыру мэлажьэ, Темырлан экономистщ, республикэм зезыгъэужьын Iэщ1агъэлIхэр зэрагъэхьэзыр программэ щхьэхуэм хэту и щIэныгъэм хамэ къэрал щыхигъэхьуауэ. ТIури унагъуэщ. ЩIалэ гъэфIэну, Ратмир и цIэу зы пхъурылъху диIэщи, иджыпстуцIэ ар ди гурыфIыгъуэщ.

- Мухьэмэд, редактор нэхъыщхьэм и зыгъэпсэхугъуэ зэманыр дауэ игъакIуэрэ?

- Языныкъуэхэм зыдгъэпсэхуну зэман дитIэкъым щыжаIэм и деж кьызгурыIуэркъым. Улажьэ зэпыту упсэуфынукъым. Апхуэдэу уеэзшауэ пщIэ Iуэхури тэмэму зэфIэха хъунукъым. Зэман гуэркIэ зыбгъэпсэхуауэ, уи кьарур кьэщIэрэщIэжауэ лэжьыгъэм ущыпэрыхьэжкIэ нэхъыбэ пхуэфIокI, ар нэхъ щIэщыгъуэ кьыщыпсоку. Бзэщтэмэ, нэхъапэхэм жьлагъуэ Iуэхухэм нэхъ жьыджэру сыхэттти, зэманыр тIэкIу схуримыкьуу щыттт. Иджы ирыгоугъэкъуж. Си ныбжьыгъэхэм я гъусэу Къэтхэукъуыкуеуй жыг хадэм кьыщыдокIыхь, абыхэм ящыщ зым дачэ иIэщи, ар зыхуей хуэдгъэзэж хуэдэуэрэ, зыдгъэпсэхэу.

СфIэфщ пхъэм сепэщыщыи, абы зыгуэрхэр кьыхэсщIыкIын. Унэм зэгъэпэщыжьынигъэ лэжьыгъэхэр щегъэкIуэжын хуей хъуми, сэ езым си Iэнэ соцIыж. Абыи гупсэхугъуэ зэгъакIуэ зэманри тынну зэрыгъэщIкIэ сихуэзыхьэжынкъым.

- УэрэплъэкIыжрэ кьэпкIуэ гъуэгуанэм урипльэжмэ, гъащIэм кьыхэпха сыт хуэдэ гупсысэкIэ укьыздэгугъушэт?

- Ди анэшхуэми адэ-анэми дызэкъуэущIыкуэ щытар кьалэн кьытщащI лэжьыгъэр IэхъуэгъэтегъэкIыу мыхъуу, ар нэгъэсауэ зэрызэфIэтхъынырт. Сэр нэхъеиз нэхъыфIу ар щхьэ нэгъуэщIым ищIын хуей?» - жыфIэщу лэжьыгъэм фызэрыпэрыхьэнур кьызджаIэрт. КупщIэшхуэ хэлъщ а псальэхэм. Цыхум и пщIэр кьыхуэзыхьыр и лэжьыгъэрщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Щэнхабзэ

Усыгъэ куэщIым щагъэфIа зы пшыхь...

Налшык щыхьэщIащ Абхъазым кьикIа тхакIуэ ныбжьыщIэ гуп. Ахэр хэтащ республикэм щекIуэкIа творческэ зэхуэсхэм: балькъэр усакIуэ, «Нюр» журналым и редактор нэхьыщхьэ Мусукаевэ Сэкинат и пшыхьым, «Жан» зэгухьэныгъэм усыгъэм и махуэм ирихьэлIэу кьиузэригъэпэща «Гъэм и теплъэгъуэхэр. Гъатхэ» усэ пшыхьым. ХьэщIэхэр щыIащ я тхыдэм увыпIэ хэха щызэубыд Абхъаз утми. Абыхэм удэ гъэгъахэр тралхьащ Курэжы-Абхъаз зауэм хэкIуэда адыгэ щIалэхэм я фэеплъым.

СЭРАЛЪП Мадинэ и Артцентрым щызэIущIащ Абхъазымрэ Къэбэрдей-Балькъэрымрэ я тхакIуэ ныбжьыщIэхэр. Мы пшыхьым и жэрдэмщIакIуэщ «Горянка» газетым и редактор нэхьыщхьэ Кьанокъуэ Заринэ. Литературэм хуалэ льагъуныгъэм зэхуиша щIалэгъуалэр гупсысэкIэ зэдзэгуэшащ, я усэхэм кьеджащ.

«Горянка» газетым и лэжьакIуэ Битокъу Маринэ пшыхьыр кьыщIзэIуихым гупсысэхэщэу кьеджащ Искандер Фазиль и усэ. УсакIуэм и псалъэхэм кьытепщIыкIащ гукъэкIыжи, тхыдэм щыщ хьыбари, упщIэ-жэуапи...

Сыхъум къалэ кьикIа ныбжьыщIэхэу Авидзбэ Бадрэ, Колбае Абзагу, Капш Алхас, Цвижбэ Радэ, Габниэ Дифэ сымэ Абхъаз къэрал университетым филологиемкIэ и кьудамэм хэти и лэжьакIуэщ, хэти и студентщ.

Абхъаз литературэм кьикIуа гъэзэгуанэм пшыхьым кьрихьэлIахэр тришэри, абы кьыщыхьуа зэхьуэкIыныгъэхэм, я тхыбзэр кьыззэрежьам, литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэу нэхъ зызыужьахэм, абы кьыщыдэкIыу щыта газетхэмрэ журналхэмрэ, тхакIуэ пэрытхэм, абыхэм я тхыгъэхэм щигъэгъуэзащ Цвижбэ Радэ. Абы кьыхигъэщащ абхъаз литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Гулиа Дмитрий кьызэральхурэ мы гъэм ильэси 140-рэ зэрырикъур икIи я деж щыIэ еджапIэхэм, литературэ зэгухьэныгъэхэм ильэс псокIэ ар зэрыщагъэлъэпIэнур.

Габниэ Дифэ иджыпей абхъаз литературэм кьыхьыха тхакIуэ ныбжьыщIэхэм, литературэм и жанр нэхъ зызыужьахэм я гугъу ящIащ.

- Сыхъум щыIэ «Ажэ» («Псалъэ») литературэ зэгухьэныгъэм тхакIуэ ныбжьыщIэ 20-м нэблагъэ йокIуалIэ. Псом хуэмыдэу зиужьащ усыгъэм. Псалъэм и хьэтыркIэ, Колбае Абзагу ильэс 20 щыхьэм и усэ тхыль дунейм кьытехьащ. Иджыпсту етIуанэ тхыльым йолэжь. Ари мы гъэм кьыдэкIынущ.

Драмэмрэ гушыIэмрэ зыужьыныгъэ иджыри щагъэуэтакъым абхъаз литературэм. Адрей жанрхэр ефIакIуэ зэпытщ.

- Кьыхэзгъэщынут хабзэ тхуэхьуа зы Iуэхугъуэ дахи: 80 гъэхэм абхъаз тхакIуэхэр «Амра» зи фIэщыгъэ шхапIэм щызэхуэсурэ литературэм тепсэлъыхьу, я IэдакъэщIэкIэм абдеж кьыщеджэу щытащ. Иджы а хабзэр яублэжащ тхакIуэ ныбжьыщIэхэми. Мазэ кьэс «Амрам» дыщызэхуосри усыгъэм и пшыхьэр щыдогъэкIуэкI,- жиIащ абы.

Битокъу Маринэ хьэщIэхэм яжриIащ щигъэгъуэзащ и тхакIуэ Хьэх Сэфарбий зи унафэщI «Шыхулъагурэ» литературэ хасэ Къэбэрдей-Балькъэрым зэрыщыIэр. Апхуэдэуи, Кьаныкъуэ Заринэ зи унафэщI «Жан» зэгухьэныгъэм ильэс кьэс тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я «Гугъэ» зэпеуэ зэрыригъэкIуэкIыр.

Сыхъум кьикIа тхакIуэхэм кьыхагъэщащ анэдэлъхубзэмкIэ тхэныр я гум нэхъ зэрыдыхьэр. ИкIи кьызэджа усэхэмкIэ кьагъэлъэгъуащ абхъазыбзэм и макъэр дахэу зэрызэщIэжьыуэр.

Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкIэ Кьэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ институтым и лэжьакIуэ Хьэвжокъуэ Людмилэрэ «Горянка» газетым и корреспондент Бекузаровэ Юлиерэ хьэщIэхэр щагъэгъуэзащ литературэм, щIэныгъэм республикэм щаIэ зыужьыкIэм. Абхъазым кьикIахэм жаIащ я университетым адыгэбзэр зэрыщаджар икIи ар машIэу кьаэзэрыгурыуэр.

Литературэм и гушыIэ жанр лIэужьыгъуэм тепсэлъыхьащ абы университетым щыщIэс лъандэрэ дихьэх, елэжь, зэхуэзы-хьэс Дзэгъащтэ Азэмэт икIи и гушыIэ хьыбархэмкIэ пшыхьыр щIэщыгъуэ ящIащ. УсакIуэ ныбжьыщIэ Шыбзыхьуэ Астемыр Абхъазым щыщыхьэщIам щыгъуэ итха усэм кьеджащ.

Абхъазым и лIыкIуэхэм кьыхагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым литературэ пыщIэныгъэ, ныбжьэгъуэгъэ хуаIэну зэрагуапэр, гъуэгу кьытехьэнми ар щхьэусыгъуэ зэрыхуэхьуар. Абхъазым кьыщыдагъэкIыну ягъэхьэзыр альманахым КъБР-м и тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIэр хагъэхьэну гупыж ящIащ.

Битокъу Маринэ пшыхьыр зэрыдзэхуигъэщIажари Искандер Фазиль и усэщ... Гупсысэм кьыпызыщэ усэщ.

Пшыхь нэужьым Сыхъум кьикIа ныбжьыщIэхэр кьыщыфащ, уэрэд щыжаIащ Арт-центрым и бжэIупэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Япэ увыпIиплI

● Кнокусинкай

КИФЩI-м кнокусинкай каратэмкIэ пашэныгъэ кьыщыхьыным теухуа зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Невинномысск къалэм щекIуэкIащ. Абы Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыхьыр щахъуащ Шэрджэс Заурбэч зи унафэщI сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и гъэсэнхэр зыхэт командэм.

ЩХЬЭЗАКЪУЭ зэпеуэм щытекIуащ Срыкьуэ Талисэ (кг 30), Голишев Никитэ (кг 35-м щIигъу), Шорэн Къаплъэн (кг 40-м щIигъу), Балъкъыз Ратмир (кг 35-м нэблагъэ) сымэ. Аветисян Аркадик (кг 50-м нэс) етIуанэ, Мусукаев Жамболэт (кг 50-м щIигъу) ещанэ хьуащ.

Командэ зэпеуэм ди спортсменхэм етIуанэ увыпIэр кьыщахьащ, бжьыпэр бысымхэм яубыдри.

ЗэIущIэ нэхъ кIэщI дыдэ (секунди 3) езыгъэкIуэкIа, техникэ нэхьыфI къэзыгъэлъэгъуа Балъкъыз Ратмир саугъэт щхьэхуэ кьыхуагъэфэщащ.

Щхьэхуэу кьыхэгъэщыпхьэщ Голишев Никитэ. Абы и хьэрхуэрэгъуэр куэдкIэ нэхъ хьэлъэу щытами, Iэмал гуэри яримытыу ерыщу текIуныгъэр зыIэригъэхьащ.

НыбжьыщIэхэм тренерегъэджакIуэ Къэрмокъуэ Iэмурбэч и нэIэм щIэту «ДАЙДЗИ» спорт комплексым зыщагъасэ.

МЭРЕМЫКЪУЭ Динарэ.

Европэ зэпеуэ макIуэ

● Самбо

Урысейм пашэныгъэр кьыщыхьыным теухуауэ Новочебоксарск самбэмкIэ щекIуэкIа зэпеуэм къалэ 70-м икIа спортсмен 420-рэ хэтащ.

ДЗЮДОМРЭ самбэмкIэ Тэрч дэт школым и гъэсэн, нэгъабэ дунейпсо зэпеуэм щытекIуа Джэрыкъуэ Рустам (кг 82-рэ) мы зэхьэзэхуэм дыжьын медаль щызыIэригъэхьащ икIи Европэм пашэныгъэр кьыщыхьынымкIэ щIалэгъуалэ зэпеуэм хэтыну Iэмал игъуэтащ.

КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Астемыр.

Дэтхэнэри текIуэныгъэм хуэпабгъэрт

●Дзюдо

«Спартак» республикэ стадионым щекIуэкIащ Паралимп джэгуэм теухуа зэхьэзэхуэ зэIуха. Абы и кьызэгъэпэщакIуэщ Налшык кьалэ администрацэм физкультурэмрэ спортымкIэ и комитетыр, Сэралъп Олег зи унафэщIыр.

НАЛШЫК кьалэ пашэныгъэр кьыщыхьынымкIэ зэхьэзэхуэм республикэм и спортсмен ныбжьыщIэу 120-рэ хэтащ. Ахэр я хьэлъагъ елыытауэ гупи 9-у гуэшат.

Зэхьэзэхуэм щытекIуащ Мысыр Исмэхьил, Кьазмахуэ Азэмэт, Кьумыкъу Мухьэмэд, Бростлов Виктор, ЛьэнкIэпIашэ Ислъам, Джэлэс Астемыр, Сомгъур Ахьсэрбий, Чэпай Темырлан сымэ.

Спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ УФ-м щыхь зиIэ и тренер Емкъуж Мухьэмэд, тренерхэу Шавае Хьэнапи, Ким Руслан, Иванов Дмитрий, Майсурадзе Альберт, Рахманов Валерэ, Бэгъуэт Мухьэмэд, Кьудей Аслъэн сымэ.

МЭРЕМЫКЪУЭ Динарэщ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Унафэм къару егъуэт

Налшык кьалэ судым и унафэкIэ, Янукаев Хъ. ягъэтIысащ. Ар ягъэкъуанщэ УФ-м и УК-м и 264-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм кьыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ зэрилажьамкIэ (гъэзэгъ хабзэхэр кьыззэрызэпиудам и зэранкIэ, цыху зэрыхэкIуэдам кьыхэкIыу).

Судым кьызэрихутамкIэ, транспортыр зэригъэкIуэну хуит зыщI и тхыльыр нэхъапэм зыIахэ Янукаев Хъ. Налшык кьалэм Чернышевскэмрэ Головкорэ я щIэхэр зезыхьэ и уэрамхэм я зэхэкIыпIэм деж, светофорым хуит кьызэрымыщIым щхьэкIэ кьимыгъанэу гъуэгум техьэри, и «ВАЗ-21093» автомашинэмкIэ «Рено-Логан»-м жьэхэуащ, иужькIэ тIури «Мерседес-Бенц S 500»-м пэщIидзащ.

«Рено-Логан» автомашинэр зеймрэ игъусамрэ фэбжьышхуэ хахащ, республикэ сымаджэщым нагъэса щхьэкIэ, рулым дэсар кьахуегъэлакъым.

Прокурорым кьигъэувыр диныгъри, судым Янукаев Хъ. кьуаншэу кьыпытащ икIи, илъэси 3-кIэ рулыр иубыдыну хуимыту, илъэси 4-кIэ игъэтIысащ.

Унафэм кьару игъуэтащ.

Хьэгъэщагъэ Iэмалкlэ

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныныкIэ и кьудамэр щIыгъуу, Къэбэрдей-Балькъэрым и прокуратурэм кьыщыщытащ республикэм и агропромышленнэ комплексым и предприятэхэм ящыщ зым законодательствэр зэрыщагъэзащIэр.

КъызэрахутамкIэ, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ предприятэм и цIэкIэ абы и унафэщIымрэ 2008 гъэм зэращIыIлащ жэмхэр Iэрыщ1у псэф зэращI лабораторэ цIыкIуэхэр зэрыт «ИЖ 27175-037» автомашинэ лIэужьыгъуэм хуэдэу 50 кьызэращхунут теухуа къэрал зэгурыIуныгъэ. Финанс бэджэнд Iэхэутхьэбзэр (сублизингыр) сом мелуан 22-рэ хьурт. Зэщыгъуу зэрагъэувам хуэдэу, пэщIэдзэ взносу сом мелуани 2-рэ мин 420-рэ министерствэм а Iэхуущ1ап1эм хухащ. Ауэ, мыпкъыр зыкIэщIиуплIэм мурадкIэ щхьэхуещагъэ хуекIуэри, предприятэм и унафэщIым къэрал зэгурыIуэныгъэр кьыззэпиудащ, Мэкъумэш хозяйствэмкIэ министерствэм а автомашинэхэм ящыщ гуэрхэр кьахуищэхуа хуэдэу, тхылъ нэпцIхэр зэригъэпэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет мыIыкур хьэгъэщагъэ Iэмалкlэ зэхэзыдыгъуар уголовнэ жэуапым ирагъэлIэн мурадкIэ, УФ-м и УПК-м и 37-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и 2-нэ пунктым зэрыщыубзыхуам тету, республикэм и прокурорым и кьудэдэ Махуэ Артур кьэпщытэныгъэм и тхылъхэр Следствэмкlэ Iэхэущ1ап1эм иритащ. Урысей Федерацэм и УПК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм кьыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ зэрилажьам кьыхэкIыу, мазае кIуам и 28-м предприятэм и Iэтащхьэм хэгъэзэауэ уголовнэ Iэуху къаIэтащ (гъэпцIагъэ хьэлъэ дыдэ зэрызэрихьам папщIэ).

Уголовнэ Iэуху кьызэIухьыным теухуауэ республикэм и прокуратурэм кьищта унафэр хабзэм езэгъыу икIи шэч зыхэмылъыжу къалъытащ. Ар зэрызэхагъэкIым Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэр кIэлъоплъ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

Редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ
ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфlыщlэ Мухьэмэд (редактор нэхьыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маринэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ яратыгъащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КьыдзэпгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхьыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ1ап1эхэм ядлэжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеми - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэныту щытекъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и щIэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаузгъэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хьумэныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1ап1эм №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыджIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщокl Соня, редактору Истэпан Залинэ, корректорхэу Пхыт1ыкI Аэзмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Мырэкьан ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.).* ***Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ*** **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.687 ● Заказ №433